दिन–गुरूवार                                                                 दिनांक–15.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                      अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्र आइ अठहत्तरम स्वतंत्रता दिवस मना रहल अछि। स्वतंत्रताक सतहत्तरि वर्ष पूरा हेबा पर देशभरि मे खुशी आ उत्साहक माहौल अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगारहम बेर नव दिल्ली मे लाल किलाक प्राचीर सँ तिरंगा फहरौलनि। आजादीक एहि महान पर्वक शुभकामना दैत प्रधानमंत्री अपन सम्बोधन मे कहलनि जे आइ ओ शुभ घड़ी अछि जे हम देशक आजादी लेल प्राण के त्याग करयवला आ आजीवनक संघर्ष करयवला के स्मरण करी। प्रधानमंत्री कहलनि जे वोकल फॉर लोकल मंत्र देशक अर्थव्यवस्थाक वृद्धि मंत्र बनि गेल। चाहे ओ सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम हो, चाहे शिक्षाक क्षेत्र हो, परिवहन क्षेत्र हो अथवा स्वाथ्यक क्षेत्र हो सभ मे विश्वक सर्वोत्तम प्रथा के सम्मिलित कऽ देश आगां बढि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे शिक्षाक क्षेत्र मे अति प्राचीन नालंदा भावना के जगेबाक होयत। ज्ञानक परम्परा के आगां बढ़ेबाक होयत। नव शिक्षा नीति दू हजार बीस मे भाषाक कारण प्रतिभा लेल बाधा नहि आबय ऐहि लेल प्रयास कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे आइ देश रक्षा क्षेत्र मे सेहो आत्मनिर्भर बनि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे महिला पर अत्याचारक कारण देश मे रोष व्याप्त अछि। महिला लोकनि सँ अपराधक अतिशीघ्र जाँच आ दोषी के जल्दीए सजा हेबाक चाही। श्री मोदी एक सय चालीस करोड़ भारतीय दिस सँ पेरिस ओलंपिक मे भाग लेबऽवला खेलाड़ी लोकनि के बधाई देलनि। श्री मोदी कहलनि जे देशक एक सय चालीस करोड़ नागरिक कन्हा सँ कन्हा मिलाकऽ एक संकल्प लऽकऽ चलथि तऽ प्रत्येक चुनौती के पार कऽ देश के दू हजार सैंतालीस धरि विकसित बना सकैत छथि।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह अठहत्तरम स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक सम्बोधन के विकसित आ आत्मनिर्भर भारतक निर्माणक प्रति सरकारक संकल्प के प्रतिबिंब जनौलनि। श्री शाह सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे प्रधानमंत्रीक सम्बोधन पछिला दस वर्षक  सफलता सँ प्रेरित भऽकऽ देश के आगां लऽ जयबाक प्रतिबद्धता के दर्शबैत अछि।

---

प्रदेश मे सेहो अठहत्तरम स्वतंत्रता दिवस हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। मुख्य राजकीय समारोह पटनाक ऐतिहासिक गाँधी मैदान मे आयोजित कयल गेल, जतऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार झंडोत्तोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। एहि अवसर पर श्री कुमार लोक सभ के सम्बोधित करैत कहलनि जे राज्य पछिला किछु वर्ष मे प्रत्येक क्षेत्र मे प्रगति कयलक अछि। ओ कहलनि जे वर्ष दू हजार पाँच मे राज्य मे पुलिस बलक संख्या मात्र बेयालीस हजार चारि सय एकासी छल जे आब एक लाख दस हजार भऽ गेल। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य मे मात्र छओ मेडिकल कॉलेज अस्पताल छल जे आब एगारह भऽ गेल। ओ कहलनि जे अतिरिक्त पन्द्रह नव मेडिकल कॉलेज बनाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे युवा लोकनि के सरकारी नोकरी आ रोजगार उपलब्ध करेबाक लेल सेहो सरकार प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार स्वतंत्रता दिवसक शुभ अवसर पर लोकसभ सँ बिहार के एक खुशहाल राज्यक रूप मे विकसित करबाक लेल संकल्प लेबाक अपील कयलनि।

---

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर राजभवन मे राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि। विधानसभा परिसर मे अध्यक्ष नन्द किशोर यादव, विधान परिषद मे सभापति अवधेश नारायण सिंह, आ पटना उच्च न्यायालय मे मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चन्द्रन तिरंगा फहरौलनि। आकाशवाणी पटनाक प्रांगण मे उपनिदेशक आर. के. मिश्रा झंडोत्तोलन कयलनि। एहि अवसर पर कार्यक्रम प्रमुख राज कुमार नाहर आ आनो अधिकारी तथा कर्मचारी उपस्थित छलाह। आकाशवाणी दरभंगा मे केन्द्र प्रमुख आर. एन. झा झंडोत्तोलन कयलनि। ’.’.भाजपा, जदयू, राजद, कांग्रेस आ वामपंथी दल समेत विभिन्न राजनीतिक दल आ संस्था सभक कार्यालय मे सेहो राष्ट्रीय ध्वज फहराओल गेल।

---

एम्हर, दरभंगाक नेहरू स्टेडियम मे जिलाक प्रभारी मंत्री मंगल पांडेय झंडोत्तोलन कयलनि। मुजफ्फरपुर मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ भागलपुरक सैंडिज कम्पाउंड मे श्रम संसाधन मंत्री संतोष कुमार सिंह झंडा फहरौलनि। आनो–आन जिला मुख्यालय सँ हमर संवाददाता लोकनि जिला मे उत्साहक माहौल मे स्वतंत्रता दिवस मनेबाक संवाद देलनि अछि। स्कूल, कॉलेज, सरकारी कार्यालय आ निजी संस्थान सभ मे ध्वजारोहण कऽ कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

————————————————————

दरभंगा मे लहेरिया सराय स्थित संयुक्त श्रम भवन मे अगामी सत्रह अगस्त के रोजगार मेलाक आयोजन कयल जायत। एकर आयोजन श्रम संसाधन विभाग द्वारा विभिन्न दू सय पद लेल कयल जायत।

————————————————————

समाप्त